

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.



**Newark**  
Board of Education  
Roger León, Superintendent



# Plan Rewouvèti 2020-2021

Kote Pasyon Rankontre avèk Pwogrè

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Tabmatyè

Lèt Sipè-entandan an.....	3
Manm Gwoup Travay NBOE yo.....	4
Pwosedi pou Sante ak Sekirite.....	6
Rezilta Pozitif COVID pou Anplwaye Biwo Santral yo.....	10
Rezilta Pozitif COVID pou Anplwaye oswa Elèv ki nan Milye Eskolè.....	11
Operasyon.....	12
Pedagoji.....	14
Teknoloji ak Konektivite.....	15
Timoun Piti yo.....	16
Sipò pou Popilasyon Espesyal.....	17
Aprantisaj Sosyal e Emosyonèl ak Klima epi Kilti Eskolè.....	19
Soutyen Global.....	19
Atletis ak Aktivite Paraskolè.....	20
Opsyon/Modèl Pwogramasyon.....	22
Devlòpman Pwofesyonèl.....	23
Planifikasyon Lidèchip nan Lekòl.....	24
Pwochen Etap yo.....	24

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

Chè Kominote Lekòl nan Newark,

Mwen vle kòmanse pa remèsyé tout paran nou yo, timoun yo, ak tout pèsonèl distri a poutèt yo fè ajisteman ekstrawòdinè nan lavi yo ak lakay yo pandan tout dènye mwa sa yo. Mwen konnen ke sa pa t fasil, epi mwen fyè de chak gress nan nou pou efò ke nou fè pandan tan trè difisil sa yo. Mwen t ap neglijan anpil si m pa t rekonèt tou lidèchip Konsèy Edikasyon Newark la, Pèsonèl Egzekitif la, ak Gwoup Travay NBOE a nan Rewouvèti Lekòl yo pou assistans yo ak sipò yo. Anplis, Majistra a ansanm ak Vil Newark la, fonksyonè lokal ak fonksyonè leta yo, don prive yo ak benevòl ke nou pa menm ka konte ki te bay sipò ke nou pa menm ka evalye. N ap kontinye konte sou yo (ak sou tout lòt sa ki enterese ede nou yo) pandan ane k ap vini an.

Depi lè nou te pran desizyon pou nou fèmen operasyon an pèsòn nan biwo nou yo ak nan lekòl yo epi ranplase yo ak operasyon vityèl epi aprantisaj adistans, nou aprann anpil lesón. Sante ak sekirite elèv yo ak pèsonèl yo se te premye priyorite nou, e l ap toujou rete konsa. Pandan peyi a ak leta ap prepare pou rewouvèti, nou menm nan Newark nou rete konfyan ke lasyans ap rete gid nou. Yon lesón ke nou aprann, toutfwa, se ke kèlkeswa meyè fason nou prepare nou pou sa, bagay yo ka chanje. Fleksibilite vin tounen nouvo sa ki nòmal la pou nou. Pasyans se yon vèti, epi nou mande w pou w fè apèl ak pasyans ou, paske sa pral ede nou anpil pandan pwochen semenn ak mwa sa yo. Nou vin wè tou ke elèv nou yo rezistan nan yon fason ki etonan. Nou konfyan ke ni yo, ni nou menm, ap travèse peryòd sa a e ke n ap vin pi bon akoz de sa.

Bagay yo ap vrèman differan ane sa a. N ap mande pou tout anplwaye yo bay dokiman ki montre rezulta tès yo negatif anvan yo ka retounen nan operasyon an pèsòn yo, epi apre etap sa a nou pral emplante yon pwotokòl pou reteste yo ofiramezi ane a ap vanse. Nou gen nouvo pwosedi dantre ki ap egzijib nan chak lekòl ak lokal biwo. Pèsonèl enstalasyon nou yo pèfeksyone yon pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon entansif ke nou te fè eloj li kòm yon modèl san parèy. Gen ekip antretyen espesyalize ki fòme pou pèmèt nou vin otonòm si toutfwa nou ta oblige fèmen youn nan enstalasyon nou yo. Nou te distribye anviwon yon milyon pla bay timoun ak fanmi yo ki nan Vil Newark la, e moun k ap travay nan sèvis restorasyon nou yo ap kontinye fè sa pou tout elèv Newark yo, kit y ap etidye an pèsòn oswa adistans. Sa vin tounen yon pati nan pwotokòl nou. Fòmasyon pou pèsonèl la, pou paran yo ak pou elèv yo ap fèt an gwoup ofiramezi ouvèti lekòl la ap apwoche. Mwen vle aplodi tout moun anvan ane lekòl sa a kòmanse, paske sa ki ap nòmal kounye a p ap fasil, men l ap nesesè.

Plan sa a pou rewouvèti lekòl yo nan Newark te aktyèlmnan kòmanse mwa mas ki sot pase a. Nou t ap planifye depi lè sa a pou reyalite mwa sektanm sa a. Sa gen kèk semenn, Depatman Edikasyon New Jersey a te bay gid nan yon dokiman ki titre *Chimen Retou a (The Road Back)*. Pandan n ap suiv gid sa a, nou te abòde kat domèn kle: kondisyon pou aprantisaj, lidèchip ak planifikasyon, politik ak finansman epi kontinite aprantisaj la. Nan lane k ap vini an nou pral konsantre sou de (2) sijè preyokipasyon prensipal: enstriksyon akademik ak aprantisaj sosyal-emosyonèl. Pandan ke chwa chak fanmi yo pou enstriksyon an pèsòn oswa adistans ka baze sou plizyè faktè, nou pral travay an kolaborasyon ak chak moun pou ede yo nan priz desizyon yo. Dokiman sa a pral bay gid ki nesesè nan pwosesis sa a. Kou direktè yo retounen travay nan kòmansman mwa dawout la, gen gid adisyonèl ki espesifik ak chak lekòl, ki enkli opsyon orè ak plan kit aprantisaj adomisil ke y ap pataje ak pèsonèl yo, paran yo epi elèv yo.

Mwen te remèsyé plizyè fwa san rete travayè esansyèl ki nan pèsonèl nou an, e mwen pa ka anpeche m fè sa ankò nan moman sa a. Nou itilize tèm "esansyèl" la nan plizyè tit, kòmanse ak enstalasyon yo epi pèsonèl antretyen yo, sèvis restorasyon yo, ak sekirite, men tou li enkli sa ki nan chak tit nan òganizasyon an (direktè, asistan direktè, prezidan depatman, pwofesè ki nan tout nivo klas yo ak nan tout domèn yo, konseye pedagojik, travayè sosyal, fòmatè anseyan, entèvansyonis akademik, enfimyè, pèsonèl sekretarya, moun ki se lyezon pou paran yo, pèsonèl pèdiyèm, ak benevòl yo) ki te ede nan distribisyon kit plan aprantisaj adomisil ak Chromebooks yo epi ki te sipòte elèv nou yo nan plizyè lòt manyè.

Nou p ap sèlman travèse moman difisil sa a, men ansanm, n ap fè ane sa a tounen yon bèl ane! Nou pa ka tann pou nou wè tout timoun yo, an pèsòn ak vityèlmnan.

Roger León  
Sipè-entandan

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## **Manm Gwoup Travay NBOE a pou Rewouvèti Lekòl yo**

<b>Manm</b>	<b>Tit</b>
Nicole T. Johnson	Ko-Prezidan, Sipè-entandan Adjwen
Valerie Wilson	Ko-Prezidan, Administratè Afè Lekòl
Hon. Tave Padilla	Manm Konsèy NBOE
Dr. Maria Ortiz	Asistan Sipè-entandan, Ekip Lidèchip Lekòl Segondè
Abdullah Ansari	Direktè Egzekitif, Teknoloji Enfòmasyom
Dr. Tonya McGill	Direktè Egzekitif, Sèvis Alimantè
JoAnne Watson	Direktè Egzekitif, Relasyon Travay
Quanika Dukes-Spruill	Direktè Egzekitif, Sèvis Transpò
Steven Morlino	Direktè Egzekitif, Jesyon Enstalasyon
Dr. Marguerite Leuze	Direktè Egzekitif, Sèvis Sante
Levi A. Holmes II	Direktè Egzekitif, Sèvis Sekirite
Janet D. Chavis	Direktè Egzekitif, Pwogram ak Sibvansyon Federal
Atiba Buckman	Direktè, Speedway Elementary School
Dr. Sharnee Brown	Direktè, Central High School
Dr. Deneen Washington	Direktè, Belmont Runyon School
Danielle Gaines	Pwofesè, Belmont Runyon School
Andrea Valerius	Pwofesè Prensipal, Technology High School
Elizabeth Corker	Fòmatè Pwofesè Matematik, Mount Vernon Elementary School
Honore Hodgson	Pwofesè, East Side High School
Bruno Coelho	Reprezantan Elèv, NBOE
Argetina Aquino	Paran, First Avenue School
Yolanda Johnson	Paran
Anthony Baskerville	Gad Siperyè, West Side High School
John Abeigon	Prezidan, Newark Teachers Union
Wilhelmina Holder	Prezidan, Secondary Parent Council
Mike Maillaro	Direktè Rechèch ak Kominikasyon, Newark Teachers Union
Christine Taylor	Prezidan, City Association of Supervisors and Administrators



# Kanpe pwopagasyon mikwòb ki ka rann ni ou menm ni lòt yo malad!




Lave men w  
souvan



Mete yon mas an twal  
pou kouvri figi w



Kouvri bouch ou lè w  
ap touse ak lè w ap  
etènye



Kenbe yon distans **6 pye**  
ant ou menm ak zanmi w  
yo



CS 316983-A 04/03/2020

[cdc.gov/coronavirus](https://cdc.gov/coronavirus)

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Pwosedi pou Sante ak Sekirite

### Pwosedi Dantre

Yo fè depistaj yo pou detèmine si yon moun gen sentòm ki COVID-19. Anvan menm ke yon moun antre nan etablisman nou yo oswa nan lakou distri nou yo tout moun dwe mete yon mas epi soumèt yon pwosesis kat etap ki enkli sa ki suiv la yo:

Etap 1: Depistaj Sentòm – Anplwaye yo ak elèv yo ap gen pou reponn yon seri kesyon konsènan sante yo.

Etap 2: Kontwòl Tanperati – Y ap pran tanperati anplwaye yo ak elèv yo avèk yon tèmomèt san kontak. Kèlkeswa moun ki gen yon tanperati ki 100.4 degré oswa ki pi wo ke sa, yo p ap otorize moun sa a antre nan batiman an.

Etap 3: Dezenfeksyon Soulye – Anplwaye yo ak elèv yo ap gen pou yo kanpe nan yo benywa an kawotchou ki gen yon solisyón dezenfektan ladann pou dezenfekte soulye yo. (Tout moun dwe mete soulye ki fèmen.)

Etap 4: Lave/Dezenfekte Men - Anplwaye yo ak elèv yo ap jwenn mous dezenfektan pou men oswa y ap lave men yo ak savon ak dlo anvan yo antre nan batiman an.

### Distans Sosyal

Pou evite pwopagasyon kowonaviris la, nou asire tout moun respekte distans sosyal la. Sa ki ka enkli limitasyon nan dimansyon gwoup yo, nan kreyasyon kowòt, fè elèv yo rete a yon distans sis pye youn ak lòt, mete restriksyon sou vizitè ki pa esansyèl yo epi fèmen espas kominal yo. Pwosedi k ap suiv la yo ap aplike atravè tout lekòl nou yo:

- N ap reyaranje biwo yo nan salklas yo pou gen omwen 6 pye distans ant youn ak lòt pou maksimize distans ant elèv yo.
- N ap itilize separatè biwo ki gen 3 kote sou biwo elèv yo pou ede nan kenbe distans sosyal la.
- Nou ka itilize pano sinalizasyon, otokolan atè a oswa riban adezif pou bay repè vizyèl epi asire ke pwosedi yo respekte.
- Pa plis pase 2 moun ka itilize yon asansè an menm tan.
- Sal pou anplwaye yo pran poz yo ap fèmen.
- Lekòl yo ka konsidere itilizasyon espas altènatif pou facilite aprantisaj an pèsòn nan.
- Lekòl yo ap deziyen pòt antre ak pòt sòti yo pou redwi kantite elèv k ap nan yon espas.
- Rekreyasyon an ap fèt gradyèlman pou diminye kantite elèv k ap sou teren ak nan koulwa yo.
- Dejene ak dine ka sèvi nan salklas yo nan plato pou yo jete apre; se istansil ki ka itilize yon sèl fwa ak kondiman endividiyèl ke y ap itilize.
- Fontèn dlo yo ap etenn; pèsònèl la ak elèv yo ap pote pwòp dlo pa yo.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

- Asanble, reyinyon ak lòt rankont ki rasanble gwo gwoup moun ap anile oswa ap dewoule vityèlman.
- Sikilasyon elèv yo tout ozalantou batiman an ap limite.
- Y ap kenbe kowòt elèv yo ansanm pandan tout jounen lekòl la.

### Mas pou Figi

Ni Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ni Òganizasyon Mondyal Lasante (World Health Organization, WHO) rekòmande itilizasyon mas pou kouvri figi antanke yon estrateji pou redui ris transmisyon maladi a. Lè ou kouvri figi w sa aji tankou yon baryè pou anpeche pwopagasyon goutlèt respiratwa yo. Kidonk, l ap obligatwa pou tout anplwaye, elèv, vizitè ak nenpòt ki moun k ap antre nan lakou/batiman lekòl oswa distri a mete yon mas pou figi ki kouvri bouch ak nen yo. Pwotokòl pou mete mas pou figi a enkli:

- Mete yon mas pou figi obligatwa pou tout moun pandan w sou lakou lekòl la oswa distri a.
- Mete yon mas pou figi obligatwa pou tout moun pandan w nan bis lekòl yo.
- Elèv yo ak pèsònèl la dwe rive nan lekòl la ak nan travay yo ak yon mas. Pèsòn p ap otorize antre nan batiman an san mas.
- Yo ka retire mas pou figi yolè y ap itilize twalèt yo oswa nan lè manje yo ak lè kondisyon ke distans sosyal la respekte.
- Ou ka retire mas pou figi a si w poukонт ou epi sal la fèmen.
- Mas ki akseptab yo enkli mas chirijikal jetab yo oswa mas an twal yo.
- Eksepsyón:
  - Elèv, pèsònèl oswa vizitè ke mete yon mas pou kouvri figi yo ka yon danje pou sante yo oswa timoun ki gen pi piti ke laj de lane. Yon metòd altènatif se itilizasyon yon ekran fasyal.
  - Kominikasyon ak yon moun ki malantandan e ki bezwen pou l wè bouch moun pou l ka kominike. Li rekòmande pou mete yon mas kote pati ki kouvri bouch la transparan.

### Lavaj/Dezenfeksyon Men

Youn nan pratik ki pi efikas yo pou evite ekspozisyón epi redui transmisyon enfeksyon an se lavaj men regilyèman epi itilizasyon dezenfektan pou men. Distri a ap enplemente pwosedì swivan yo:

- Dezenfektan pou men ki tankou mous ap disponib atravè tout distri a ak nan chak salklas.
- Founiti eskòlè kominal yo ap elimine, epi chak elèv yo ap gen pwòp founiti eskolè pa yo.
- Y ap adopte yon orè pou lave men avèk rapèl nan tout lekòl la pou pèsònèl la ak elèv yo pandan tout jounen an.
- Y ap òganize sesyon lesón ak pratik pou elèv yo sou kilè ak kijan pou yo lave men yo.
- Ap gen yon orè pou dezenfeksyon twalèt yo ak tout manch pòt yo, kontwa yo, tab yo, biwo yo ak sifas eskolè yo.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

### Pwotokòl Netwayaj ak Dezenfeksyon Amelyore

Y ap netwaye batiman lekòl yo ak distri yo souvan pandan tout jounen an. Pèsonèl antretyen yo ap asire yon dezenfeksyon san rete pou sifas moun manyen pi plis yo tankou biwo elèv yo ak chèz yo, manch pòt, balistrad, bouton asansè, switch limyè, distribitè savon ak tèt wobinè yo pandan y ap itilize dezenfektan yo itilize nan lopital yo ak espre elektwo-estatik.

- Pèsonèl antretyen an ap konplete yon lis kontwòl netwayaj/dezenfeksyon.
- Tout lekòl yo ap resevwa machin pou dezenfeksyon elektwo-estatik ak machin pou pote nan do ki bay vapè pou dezenfekte.
- Pèsonèl antretyen an ap netwaye epi dezenfekte espas moun itilize piplis yo, regilyèman.
- Pèsonèl antretyen an ap konsève founiti tankou savon, dezenfektan pou men ak sèvyèt papye yo.
- Pwofesè yo ak elèv yo pral travay ansanm ak pèsonèl antretyen an pou ankouraje yon anviwònman pwòp epi sanitè pou tout moun anndan chak batiman. Chak salklas yo ap gen kit sanitasyon yo k ap gen ladan yo gan ak ti lenjèt dezenfektan. Elèv yo ak pwofesè yo fèt pou yo netwaye tout espas kominotè oswa tout espas moun manyen piplis yo apre chak klas pou redui ris ekspozisyon an pou pwochen salklas la.
- Enstalasyon yo dwe ranplase filtè lè yo regilyèman pou ogmante vantilasyon lè a.

### Tès COVID-19

Pou sekirite kominote eskolè nou an, NBOE mande pou tout lekòl ak tout anplwaye nan nivo distri a yo soumèt dokimantasyon ki montre rezulta negatif yon tès dyagnostik COVID-19 ki te fèt pa plis pase 14 jou anvan jou yo fèt pou kòmanse oswa pou yontounen travay. Pèsonèl la ap resevwa notifikasyon sou konsiderasyon pou ta refè tès adisyonèl. N ap konsidere pou teste elèv yo.

Jewish Renaissance Medical Center (JRMC) antre nan yon patenarya ak distri a epi founi tès pou tout anplwaye NBOE yo ak manm fanmi yo chak vandredi. Sant lan lokalize nan Malcom X. Shabazz High School. Anplwaye yo ka vizite doktè swen prensipal yo oswa nenpòt Sant Sante Ijan tou. Nenpòt ki moun ki teste pozitif gen pou l notifye Biwo Sèvis Sante a, founi dokiman epi rete lakay li pou evite ekspoze lòt yo.

### Rechèch Kontak yo

Konsèy Edikasyon Newark la ap kolabore ansanm ak Depatman Sante Newark pou fè rechèch kontak yo. Depi yo resevwa notifikasyon yon ka pozitif, anplwaye a oswa elèv la dwe notifye enfimyè lekòl la oswa Biwo Sèvis Sante a. Biwo Sèvis Sante a ap kominike ak lekòl la epi administrasyon ki nan nivo distri a, si nesesè, pou retrase mouvman moun ki teste pozitif la. Moun ki konsène yo ap jwenn notifikasyon. N ap mete Sipè-entandan an okouran tou epi ansanm avèk Direktè Egzekitif Enstalasyon yo l ap deside si etablisman an ap fèmen ou non oswa si se yon pati nan li. Y ap netwaye tout espas ki afekte yo epi y ap dezenfekte anvan rewouvèti a. Elèv an pèsòn yo pral angaje nan aprantisaj adistans pandan fèmti a; konsa enstriksyon an ap kontinye san entèripsyon.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

### Vizitè


Pou pwoteje sekirite chak moun, vizitè yo pa p otorize antre nan batiman distri oswa lekòl nou yo. Nan ka kote yon moun ki pa anplwaye dwe antre nan batiman an, li obligatwa pou moun nan gen yon mas pou figi li ki kouvri nen l ak bouch li e y ap fè tès depistaj pou vizitè a.

Mezi y ap pran pou Elèv ak Manm Pèsonèl ki Prezante Sentòm Lè yo Rive: Lafyèv, Frison, Souf Kout

Distri a pral konfòme l ak direktiv CDC yo lè pou yo pran mezi parapò ak elèv ak pèsonèl ki prezante sentòm.


Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

# Rezulta Pozitif COVID pou Anplwaye Biwo Santral yo



Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Rezulta Pozitif COVID pou Anplwaye oswa Elèv ki nan Milye Eskolè



Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

# Operasyon

## Transpò nan Bis

Pou nou pwoteje elèv nou yo ak manm pèsonèl nou pandan y ap deplase antre soti nan lekòl la, yo pral enplemente estrateji ki annapre yo pandan transpò nan bis eskolè a:

- Elèv ak manm pèsonèl yo dwe mete yon mas pou figi pandan yo nan bis la.
- Kantite elè k ap nan bis la ap limite yon fason pou ankouraje distans sosyal la.
- Y ap netwaye tout bis yo apre chak vwayaj, sitou zòn moun manyen piplis yo tankou balistrad antre a, devan/dèyè syèj yo, manch fenèt yo, senti sekirite yo, manch pou louvri pòt la, elatriye.
- Nou pral ankouraje elèv yo pou yo kenbe distans sosyal la ant yo menm pandan yo nan estasyon bis la. Sa dwe se yon efò komen ant fanmi yo ak pèsonèl lekòl la.
- Lè elèv yo monte nan bis la y ap kòmanse pran plas yo dèyè bis la pou rive devan yon fason pou ankouraje distans sosyal la pandan pakou bis la.
- Elèv yo ka chita yon sèl moun pa ranje.
- Dezenfektan pou men ap disponib nan chak bis epi n ap ankouraje elèv yo pou yo itilize 1 lè y ap antre ak soti.
- Tout pèsonèl bis yo ap resevwa fòmasyon ke CDC sipòte a anvan lekòl la ouvè menm jan ak tout pandan ane eskolè a.

## Sèvis Alimantè

Distribisyon Pla Manje pou aprenan an pèsòn yo. Y ap vlope tout manje yo endividyleman.

### Ti dejene

- Opsyon A: Elèv yo ap resevwa ti dejene yo nan pwen antre ke Direktè Lekòl la chwazi a.
- Opsyon B: Se pèsonèl sèvis alimantè a k ap delivre ti dejene a epi mete 1 nan salklas yo anvan elèv yo antre nan salklas la. (Adopte yon Modèl Salklas)
- Opsyon C: Y ap delivre pla manje yo vlope yo chak apa nan salklas la pou pwofesè a fè distribisyon an. Ap gen bwat pou ti dejene a k ap la nan yon anplasman konvenab.

### Manje Midi (Lennch)

- Opsyon A: Pèsonèl sèvis alimantè a ap delivre manje midi a nan salklas yo senk ak dis minit anvan lè manje midi (lennch la). (Adopte yon Modèl Salklas)
- Opsyon B: Elèv yo ap ale nan yon espas yo deziyen pou sa pou yo pran yon sache manje midi, retounen nan klas la epi konsome manje midi a nan salklas la
- Opsyon C: Pandan y ap suiv pwotokòl distans sosyal yo, elèv yo pral pran yon sache manje midi endividylel nan kafeterya a, y ap retounen nan klas epi y ap konsome manje midi a nan salklas la.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

Distribisyon Pla Manje pou aprenan adistans yo.

- Chak Lendi ak Jedi, 9:30-11:30am
- Livrezon lè lendi yo ap enkli pla pou lendi, madi ak mèkredi.
- Livrezon lè jedi yo ap enkli pla pou jedi ak vandredi.
- Yon adilt dwe akonpanye pitit li pou pase pran manje a nan youn nan nenpòt nan sit ki pi pre lakay yo oswa nan anplasman aktyèl yo a.

Anplasman Katye Santral yo	Anplasman Katye ki nan Lès yo
Central High School 246 18 <sup>th</sup> Avenue Newark, NJ 07108	East Side High School 238 Van Buren Street Newark, NJ 07105
Dr. E. Alma Flagg 150 3 <sup>rd</sup> Street Newark, NJ 07107	Hawkins Street School 8 Hawkins Street Newark, NJ 07105
Quitman Street School 21 Quitman Street Newark, NJ 07103	South Street School 44 Hermon Street Newark, NJ 07105

Anplasman Katye ki nan Lwès	Anplasman Katye ki nan Sid
Mount Vernon School 142 Mount Vernon Place Newark, NJ 07106	Belmont Runyon School 1 Belmont Runyon Way Newark, NJ 07108
Speedway Avenue 701 South Orange Avenue Newark, NJ 07106	George Washington Carver School 333 Clinton Place Newark, NJ 07112
Thirteenth Avenue School 359 13 <sup>th</sup> Avenue Newark, NJ 07103	Weequahic High School 279 Chancellor Avenue Newark, NJ 07112

Anplasman Katye ki nan Nò
First Avenue School 214 First Avenue Newark, NJ 07107
McKinley Elementary School 1 Colonnade Place Newark, NJ 07104
Park Elementary School 120 Manchester Place Newark, NJ 07104
Rafael Hernandez Elementary School 345 Broadway Newark, NJ 07104

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Pedagoji

### Sistèm Notasyon

Pratik pou sistèm notasyon distri a ap rete menm nan pou ane eskolè 2020-201 an. Kalandriye peryòd notasyon an ap pibliye sou sit entènèt distri a epi y ap pataje l ak fanmi yo premye jou lekòl la. Paran yo ap kontinye resevwa rapò pwogrè elèv yo chak trimès epi y ap rapòte kanè yo ak kredi lekòl segondè yo nan relve nòt elèv yo.

### Prezans

Politik prezans distri a ap rete menm nan pou ane eskolè 2020-2021 an. Kit yo chwazi aprantisaj an pèsòn oswa aprantisaj adistans, elèv yo dwe prezan pou lekòl chak jou ke lekòl la gen kou. Pwofesè yo ap make prezans yo nan Power Teacher. Pandan aprantisaj adistans lan, se chak pwofesè k ap siveye travay elèv yo pou jounen an k ap detèmine prezans nan salklas la. Paran yo dwe avèti pwofesè a oswa direktè a si pitit yo pa p ka vini oswa pa p ka patisipe nan lesion/devwa yo yon jou presi. Konseye Prezans yo ap kontinye kolabore ak kominote eskolè a ak fanmi yo pou bay sipò. Y ap rekòmanse ak Estrateji "Give Me 5" lan anvan premye jou lekòl la. Manm pèsonèl Biwo Santral yo ap rele epi antre an kontak ak 5 fanmi pou asire yo ke elèv yo orezante lekòl chak jou, espesyalman nan premye jou lekòl la, 8 sektanm.

### Evalyasyon

NBOE konprann enpòtans pou founi evalyasyon depistaj entansif yo ak metòd suivi sou pwogrè yo lè nou retounen nan aprantisaj an pèsòn nan. Evalyasyon sa yo gen yon doubl objektif: Pou fasilite idantifikasiyon elèv ki ka bezwen yon (Plan Amelyorasyon Endivididyèl pou Elèv (Individual Student Improvement Plan) ak pou idantifye elèv ki pwogrese rapid yo e ki ka bezwen yon pwogram ki pi avanse. Pandan tout ane lekòl la, n ap swiv aprantisaj elèv yo atravè itilizasyon evalyasyon kontni sa yo, ki sèvi sitou kòm yon mwayen pou amelyore ansèyman ak aprantisaj, epi ke yo pataje ak elèv yo epi fanmi yo sou yon baz pèmanan.

- Nan Prematènèl, y ap evalye elèv yo selon *Endikatè Alfabetizasyon Bonè pou Prematènèl (Preschool Early Literacy Indicators, PELI)*, ki konsevwa pou mezire konpetans langaj oral ak pre-alfabetizasyon yo. N ap administre mezi sa yo pou tout timoun nan Prematènèl ki gen laj 4 lane an desanm 2020 epi nan fen ane lekòl la ankò. N ap evalye elèv Prematènèl ki gen laj 3 lane yo ak PELI nan fen ane lekòl la.
- N ap evalye elèv prematènèl ki nan Klas Matènèl jiska klas 3yèm ane yo pou lekti fondamantal, sa ki enkli fonetik, konpreyansyon, epi matematik nan kòmansman ane lekòl la kòm evalyasyon debaz. Evalyasyon sa yo ap fèt endivididyèlman ansanm ak yon pwofesè epi 1 ap fèt sou entènèt. Rezulta yo ap pèmèt pwofesè yo, elèv yo ak paran yo konnen egzakteman kisa elèv la konnen epi kisa li dwe konnen ki gen rapò ak konsyans fonologik, fonetik, konpreyansyon, metriz epi matematik. Evalyasyon sa yo ap fèt twa fwa chak ane.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

- N ap evalye elèv ki nan klas 4yèm ane rive klas 12yèm ane nan lekti, matematik ak syans nan kòmansman ane lekòl la epi pandan tout ane a. Evalyasyon sa yo ap fèt sou entènèt. Nan nivo segondè a, evalyasyon matematik yo enkli Aljèb 1, Jeyometri ak Aljèb 2
- Pandan n ap itilize devwa ekriti ki apwopriye pou laj ak pou nivo klas yo, elèv ki nan klas 3yèm ane rive klas 12yèm ane ap gen pou sibi yon evalyasyon ekriti nan mwa sektanm, desanm ak jen. Evalyasyon sektanm nan ap baze sou devwa lekti peryòd vakans dete yo. Chak devwa ekriti ap evalye kapasite moun k ap ekri a pou 1 bay opinyon l, pou 1 eksplike, pou 1 devlope epi pou 1 òganize ide 1 yo, ak pou itilizasyon lang epi konvansyon yo.

Anplis de evalyasyon akademik yo, yon evalyasyon konplè pou elèv ki ka fè fas ak pwoblèm sosyal e emosyonèl, konpòtmantal ak mantal, ap fèt selon bezwen an, pandan ane eskolè a.

### Zouti pou Aleje Pèt yo nan Aprantisaj

Aprantisaj ke elèv yo pèdi pandan peryòd ki long san lekòl se pa yon konsèp ki nouvo. Toutfwa, fèmti pwolonje lekòl yo tankou sa nou sot viv pandan epidemi COVID-19 la ka gen yon efè ki vrèman nefas sou aprantisaj elèv yo. Byenke li difisil pou detèmine dimansyon pèt nan aprantisaj la, akoz absans done evalyasyon bezwen yo, objektif nou se pou minimize epi aleje. Nou konfyan ke pwofesè nou yo te founi bon kalite enstriksyon atravè aprantisaj adistans lan, men nou konprann tou ke kèk elèv ap gen bezwen pou sipò adisyonèl pou ratrape yo pi rapid. N ap itilize meyè pwofesè nou yo ansanm ak pèsonèl sipò a pou akselere aprantisaj elèv yo etan n ap konsantre n sou kontni pou nivo klas la lè n ap itilize estrateji sa yo:

- Akademi jou Samdi – 6<sup>yèm</sup> anplis pou lekòl
- Jounen Lekòl Pwolonje- Anvan/Apre Kou Patikilye Eskolè
- Kou Patikilye- Sipò siplemantè pandan jou lekòl la

### Eksperyans Pwolonje nan Salklas

Elèv yo pral fè eksperyans sòti vityèl, depi sa posib.

## Teknoloji ak Konektivite

Distri a ap itilize Google Classroom ak WebEx pou facilite aprantisaj adistans lan.

Pou adrese inegalite ki genyen pou aksè dijital la, distri a te fè yon ankèt anvan fèmti lekòl la pou idantifye bezwen pou aparèy ak konektivite. Elèv ke nou idantifye kòm elèv ki bezwen yon aparèy te resevwa yon Chromebook epi nou te mete Wi-Fi a aksesib gratis pou tout elèv yo. Distri a ap kontinye bay aparèy ak aksè entènèt pou elèv yo selon nesesite a.

## Timoun Piti

### Estrikti pou aprantisaj anpèsòn

- *Anviwònman Fizik:* Amenajman founiti salklas la ak Domèn Enterè yo ap organize yon fason estratejik pou favorize distans sosyal ant elèv yo pandan y ap minimize itilizasyon materyèl k ap pataje yo.
- *Chwa Limite:* Ak Chwa Limite, n ap itilize konntenè endivididyèl ki gen materyèl/zouti manipilasyon pou elèv pou yo travay. Pwofesè yo ak asistan pwofesè yo ap etabli yon pwosedi netwayaj ak dezenfektan ki regilye ki annakò ak direktiv CDC yo.
- *Gwoup ki Laj:* Sa ka fêt tout pandan n ap respekte distans sosyal la ak/oswa pandan n ap enkli separasyon fizik sou tab yo, epi vire tab yo pou fas tab yo vire gade nan menm direktiv an epi fè elèv yo chita sou yon sèl bò tab yo.
- *Chwa Tan/Domèn Enterè:* Domèn Enterè yo ap rekonfigire pou konsève distans sosyal la ak direktiv pou netwayaj yo. Elèv yo ap gen konntenè/panye materyèl endivididyèl yo pou yo itilize k ap netwaye epi k ap chanje plas chak jou. Nap freyatik yo ap itilize sèlman si n ap fè bil dlo ak savon. Zòn Blòk la ap pèsonalize pou chak elèv k ap resevwa yon plato blòk pou yo fè konstriksyon yo. Yon kantite liv limite ap ekspoze nan Zòn Bibliyotèk la epi y ap netwaye yo regilyèman. N ap itilize bwat ekriti ki gen materyèl tankou kreyon, kreyon koulè, penso epi penti pou chak timoun. Akoz pwoblèm sante yo, Zòn Sab la pa p ouvè.
- *Ti Gwoup (Pwofesè ak Asistan Pwofesè):* Toujou pandan n ap respekte direktiv distans sosyal yo epi pandan n ap itilize materyèl endivididyèl pou elèv yo, enstriskyon an ti gwoup ap fêt chak jou.
- *Motrisite Global* Pandan planifikasyon aktivite motris global yo, bagay swivan yo ka rive:
  - Elèv yo ka retire mas yo pandan aktivite motris global yo si pwotokòl distans sosyal yo respekte.
  - N ap etabli pwosedi pou dezenfekte materyèl yo pandan epi apre aktivite nan lakou yo epi ant chak itilizasyon gwoup yo.
  - Se yon fason endivididyèl ke n ap itilize kòbèy/panye ekipman yo (egzanp woula-woup, gwo kousen ranboure yo [binbag]) pou elèv yo jwe pou chak salklas.
  - Kantite elè k ap nan gwoup yo ap limite yon fason pou ankouraje distans sosyal la.
  - Men yo ap lave/dezenfekte tousuit apre aktivite yo.
- *Lè Syès:* Pandan lè syès la, distans sosyal la ap toujou respekte ant elèv yo. Nou ka plase kabann timoun yo yon fason kote nou altène pozisyon elèv yo pou tèt kèk nan yo bay pye kèk nan yo fas oswa kote nou separe kabann ak mèb. Elèv yo p ap dòmi pandan mas la nan figi yo.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

### Estrikti pou Aprantisaj Adistans:

Konfòmeman ak pratik ki adapte ak devlòpman, elèv ki nan prematènèl yo dwe pase sèlman inèdtan devan yon ekran chak jou. Gade Gid Vityèl pou Aprantiasj (Virtual Learning Guidance) pou plis detay.

### Repa yo

Nou repòte tout egzijans pou estil dine an fanmi yo. Si y ap itilize kafeterya yo oswa espas dine an gwoup yo:

- Nou pral altène lè yo pou pèmèt distans sosyal epi pou netwaye ak dezenfekte apre chak gwoup yo.
- Tab/sifas yo ap netwaye epi dezenfekte apre chak sèvis manje.
- N ap espase elèv yo de omwen sis pye distans youn ak lòt.
- Pesonèl la fêt pou lave men yo anvan yo asiste elèv yo, apre yo fin retire gan yo oswa manyen atik ki nan sèvis manje yo, epi nan fen peryòd manje a.
- N ap sèvi manje ki vlope endividylman.
- Elèv yo p ap pataje manje oswa istansil yo.
- Se ak istansil jetab y ap sèvi.
- Men yo ap lave anvan epi apre yo fin manje.

## Sipò pou Popilasyon Espesyal

### Aprenan Eksepsyonèl

Konsèy Edikasyon Newark la angaje 1 pou founi pwogram edikasyon ki apwopriye ak sèvis ki relatif pou elèv ki gen andikap yo, depi sa posib konfòmeman ak direktiv sante piblik yo. Pou reponn ak bezwen inik elèv ki gen andikap yo, pesonèl la ap kontinye travay an kolaborasyon ak fanmi yo pou idantifye ki sèvis chak elèv yo ap ka jwenn. Distri nou an ap bay fòmasyon, resous ak zouti pou sipòte ekip IEP yo nan detèminasyon sèvis ki nesesè yo.

- Tout sèvis edikasyon espesyal pou elèv yo ap fêt an pèsòn oswa adistans, y ap baze sou kolaborasyon ak fanmi yo sou yon baz endividylèl.
- Pwofesè edikasyon jeneral/edikasyon espesyal yo ak founisè sèvis ki relatif yo pral travay avèk fanmi yo pou diskite sou bezwen endividylèl elèv yo epi aksede ak kourikoulòm nan ak avansman yo nan direksyon objektif IEP yo.
- Pwofesè edikasyon jeneral/edikasyon espesyal yo ap rankontre ak elèv yo an pèsòn epi vityèlman pandan y ap itilize platfòm sou entènèt yo atravè metòd ki senkwonize (WebEx) ak metòd ki pa senkwonize (Google Classroom).
- Biwo Edikasyon Espesyal la ap itilize yon varyete resous ak zouti pou ranfòse aprantisaj elèv ki merite edikasyon espesyal yo.
- Ekip IEP a ap gen koleksyon done ki konsistan epi jounal sèvis yo pou yo itilize atravè tout anviwònman aprantisaj yo.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

- NBOE a ap kontinye idantifye, lokalize epi evalye elèv yo sisplèk kòm elèv ki gen yon andikap ak ki nan nesesite pou sèvis edikasyon espesyal.
- Distri a pral konplete evalyasyon an pèsòn yo ak adistans yo konfòmeman ak direktiv sante piblik yo.
- Distri a pral planifye epi òganize tout reyinyon ak evalyasyon ki te ranvwaye akoz fèmti lekòl la.
- Tout reyinyon IEP yo ap òganize an pèsòn oswa nan yon fòma altènatif, tankou videyo konferans oswa pa telefòn. Distri a pral travay ak fanmi yo pou detèmine fòma ki pi pratik la pou òganize reyinyon IEP yo.
- Responsab Dosye ak manm ekip IEP yo ap kontinye kontakte paran yo epi kontwole sèvis edikasyon espesyal yo pou detèmine pwogrè yon elèv pou rive jwenn objektif IEP yo.
- N ap asire edikasyon ak sansibilizasyon pou fanmi yo pou soutni konpreyansyon aprantisaj adistans lan ak kijan pou yo sipòte timoun yo.
- N ap asire nou ke gen ekite nan founi aparèy teknoloji yo ak aksè entènèt yo pou elèv ki bezwen edikasyon espesyal yo.

### Elèv k ap Aprann Lang Anglè

Konsèy Edikasyon Newark la angaje l pou l kontinye desèvi Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL) yo. Kit se an pèsòn oswa pandan aprantisaj adistans, pèsonèl la ap kontinye enplemente estrateji pedagojik pou reponn ak bezwen akademik epi lengwistik elèv ELL yo. Anplis, dirijan distri yo ak pèsonèl sipò lekòl yo ap kontinye asosye yo ak fanmi yo pou founi resous ak zouti pou asire siksè akademik elèv ELL yo.

- N ap kontinye founi sèvis bileng ak sèvis ESL yo bay elèv yo.
- Pwofesè bileng ak ESL yo ap rankontre ak elèv yo an pèsòn epi vityèlman pandan y ap itilize platfòm sou entènèt yo atravè metòd ki senkwonize (WebEx) ak metòd ki pa senkwonize (Google Classroom).
- Pwofesè bileng ak ESL yo pral kolabore epi planifye lesón sou mezi ki pou satisfè bezwen Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo. Yo pral travay pou rann kontèks kourikoulòm nan konpreyansib pou elèv yo.
- Lesón y ap konplete yo ap konsantre sou ede elèv devlope nan domèn Konpreyansyon Oral (Ekout), Ekspresyon Oral (Lapawòl), Lekti epi Ekriti ak yon aksan patikilye sou devlòpman konpetans ekspresyon oral.
- Sit entènèt distri a ap kontinye ofri paran yo enfòmasyon sou rewouvèti lekòl la, menm jan ak zouti pou sipòte aprantisaj adomisil. Enfòmasyon sou paj entènèt la disponib nan plizyè lang lè w itilize ikòn tradiksyon an.
- N ap founi videyo enstriksyon ke n ap poste sou sit entènèt distri a nan plizyè lang.
- N ap founi kou pou Anglè kòm Dezyèm Lang pou Adilt (ESL) pou ede paran yo nan aprantisaj lang Anglè a. N ap ofri kou vityèl.
- N ap asire edikasyon ak sansibilizasyon pou fanmi yo pou soutni konpreyansyon aprantisaj adistans lan ak kijan pou yo sipòte timoun yo.
- N ap asire nou ke gen ekite nan founi aparèy teknoloji yo ak aksè entènèt pou elèv ELL yo.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl ak Klima epi Kilti Eskolè

Anvan COVID-19, NBOE te priyorize bezwen pou aprantisaj sosyal ak emosyonèl pou devlope kilti ak klima eskolè pozitif atravè tout lekòl nou yo. Distri a byen konprann estrès ak anksyete ki vin manifeste akòz fèmti pwolonje lekòl la ansanm ak izòlman sosyal la, e poutèt a, distri a enplemante yon varyete estrateji ki kòmanse nan mwa mas. Tout estrateji sa yo ap kontinye apre lekòl yo retounen nan aprantisaj an pèsòn nan.

- Reyinyon Matinal anvan kòmansman chak lesion pou facilite opòtinite pou elèv yo konekte epi reflechi.
- Egzèsis Meditasyon ak Konsyans, lè sa posib.
- Leson Sosyal ak Emosyonèl Entregre nan salklas.
- Anrejistreman kotidyen ke travayè sosyal eskolè yo ak konseye pedagojik yo ap fè.
- Seyans konsèy Endivididyèl ak an Gwoup ke konseye pedagojik yo facilite.
- Konsèy ak resous sante mantal k ap disponib pou fanmi yo, si nesesè.
- Opòtinite aprantisaj pwofesyonèl pou pèsonèl nan milye eskolè sou sijè tankou chagren ak pèt, depresyon, anksyete, teknik motivasyon, kourikoulòm sosyal ak emosyonèl, epi pwomosyon byennèt mantal.
- Pèsonèl sipò ki enkli konseye pedagojik, sikològ ak travayè sosyal k ap travay yon fason fleksib atravè lekòl la pou reponn ak bezwen elèv yo.
- Patenarya ki etabli ak ajans sante mantal.
- Semèn Espri Vityèl (Lendi Konsyans, Madi Taktik, Mèkredi Fantezi, Jedi Remèsiman, Vandredi Mayifik)
- Entèvansyon SEL yo ap apwopriye pou laj yo an fonskyon de divès resous ki deja disponib nan Distri a tankou RULER, Rethink SEL, Second Step ak Restorative Practices.
- Travayè Sosyal yo ak Konseye Pedagojik yo ap kontinye antre an kontak ak elèv ak fanmi ki pa totalman angaje atravè sansibilizasyon pèsonèl la.

## Sipò Global

Distri a ap kontinye asosye 1 ak òganizasyon yo pou founi resous pou sipòte elèv ak fanmi yo avèk sèvis global nan domèn sa yo:

- Sipò pou sante mantal (Jersey Cares, Greater Life, elatriye.)
- Swen Sante Primè ak Swen Dantè (JRMC, Rutgers Medical, elatriye.)
- Angajman Familyal (ESL pou adilt, Ankèt nan plizyè lang)
- Anrichisman Akademik (Pwogramasyon Vakans Dete, Jounen Lekòl Pwolonje, elatriye)
- Mantora (Mentor Newark, Leadership Newark, elatriye.)

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Atletis ak Aktivite Paraskolè

Atletis ak lòt aktivite paraskolè yo se yon pati enpòtan nan devlopman fizik, sosyal ak emosyonèl epi byennèt elèv yo. Byenke gen yon pakèt avantaj nan sa, defi lojistik, estriktirèl ak nan domèn sante piblik toujou egziste, donk premye priyorite Distri a se sekirite elèv nou yo ak pèsonèl nou an.

Atnanke manm Asosyasyon Atletik Entè-eskolè New Jersey a, n ap respekte dokiman direktiv ke Gwoup Travay Konseye Medikal yo a devlope a. Dokiman sa yo gen pwotokòl pou pèmèt ou pase soti nan Faz 1 ale nan 2 sou pratik ak kondisyonman vakans dete a nan kòmansman sezón otòn nan ak apre.

Opòtinite pou patisipe nan aktivite paraskolè fas-a-fas menm jan ak aktivite vityèl yo ap vin disponib pou elèv yo selon sante piblik ak direktiv sekirite yo. Depi sa posib, n ap kontinye jwenn mwayen ki kreyatif pou nou founi koneksyon presye sa yo.

### Edikasyon Fizik, Aktivite Fizik ak Rekreyasyon

Priyorate ki pi enpòtan pou nou se prepare yon anviwònman pou pedagoji sen epi sipò nan edikasyon fizik, nan aktivite fizik ak nan rekreyasyon.

Nan Edikasyon Fizik:

- N ap ankouraje elèv yo pou yo mete rad ki konfòtab ak soulye ki solid k ap pèmèt yo fè mouvman san pwoblèm epi ki apwopriye pou meteyo a nan lide pou patisipe san yo pa bezwen itilize yon vestyè.
- Leson yo pral plis konsantre sou objektif endividiyèl ak konpetans olye pou yo konsantre sou espò ak aktivite ann ekip yo.
- Jwèt yo oswa aktivite yo pa p enkli itilizasyon ekipman ki pataje.
- Si yo itilize jimnazyòm yo oswa sal polivalan yo pou ansèyman, pòt ak fenèt yo ap rete ouvè pou maksimize vantilasyon an.
- Pwotokòl distans sosyal yo ap anplas.
- Lè sa posib, y ap itilize espas deyò yo pou ansèyman.
- Lè elèv yo lakay yo, n ap pwopoze aktivite ki konsantre sou devlopman konpetans motris yo (otolanse epi atrap, atrap ak yon paran oswa yon frè/sè.)
- Men yo ap lave/dezenfekte tousuit apre kou edikasyon fizik yo.

Aktivite Fizik:

- Aktivite pou reveye konsyans yo, yoga ak egzèsis pou detire se egzanp aktivite ki ranfòse sèvo a ke n ap entregre chak jou, lè sa posib.
- Men yo ap lave/dezenfekte tousuit apre aktivite a.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

Rekreyasyon:

- Pandan rekreyasyon, gwoup yo ap espase epi n ap plase kòn pou kreye limit ant yo.
- Jwèt yo oswa aktivite yo pa p enkli itilizasyon ekipman ki pataje.
- Lekòl yo pral kreye orè pou rekreyasyon yo k ap mete an pratik distans sosyal la epi y ap asire yo ke elèv yo rete ansanm ak kowòt pa yo a.
- Pwotokòl distans sosyal yo ap anplas.
- Men yo ap lave/dezenfekte tousuit apre rekreyasyon.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novam 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Opsyon ak Modèl Planifikasyon

### Aprantisaj adistans chak jou epi a tan plen

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
Adistans	Adistans	Adistans	Adistans	Adistans

### Aprantisaj an pèsòn chak jou epi a tan plen

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
An Pèsòn				

### Aprantisaj an pèsòn ak adistans nan lòt dat (orè A/B)

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
Adistans	An Pèsòn	Adistans	An Pèsòn	Adistans

\*\*Lòt opsyon orè yo nesesite apwobasyon Sipè-entandan an.

### Angajman Paran/Responsab Legal pou Aprantisaj Adistans

Paran/responsab legal ki gen pitit yo ki pral angaje nan enstriksyon adistans a tan plen dwe ranpli epi soumèt yon Fòm Konsantman pou Enstriksyon Adistans A Tan Plen pa pita pase dat 14 dawout. Paran/responsab legal sa yo dwe prepare pou yo sipòte patisipasyon aktif pitit yo nan tout aktivite aprantisaj adistans yo. Y ap gen pou yo asire yo ke pitit yo gen espas, materyèl ak aksè teknoloji ki apwopriye pou enstriksyon sou entènèt chak jou yo a, epi mande èd lekol la pou founi yo laptòp ak sèvis entènèt, si nesesè. Fanmi yo ap gen pou yo pare pou yo suiv orè aprantisaj kotidyen k ap etabli a epi travay ak pèsonèl lekòl la pou asire yo ke pitit yo patisiye nan evalyasyon ak lòt aktivite pedagojik ki mandate yo.

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Devlopman Pwofesyonèl

### Pèsonèl

Devlopman Pwofesyonèl bay pèsonèl la enfòmasyon, direktiv ak fòmasyon pwofesyonèl ki nesesè pou sipòte pratik pedagojik an pèsòn ak adistans yo, nouvo pwotokòl sante ak sekirite yo epi estrateji pou idantifye ak sipòte elèv k ap fè fas ak twomatis oswa chagren. Distri a òganize plizyè sesyon devlopman pwofesyonèl (PD) pandan fèmti lekòl la ak pandan tout ete a, e l ap kontinye pandan ane lekòl la. Yon kalandriye opòtinite aprantisaj pwofesyonèl pou mwa dawout la ap disponib bonè nan kòmansman mwa dawout la. Yon echantyon sijè enkli:

- Kourikoulòm ak Evalyasyon
- Google Classroom ak WebEx
- Estrateji Sosyal ak Emosyonèl
- Resous pou Edikasyon Espesyal
- Pwotokòl pou Sante ak Sekirite

### Fanmi

Devlopman Pwofesyonèl founi paran/responsab legal yo zouti ki nesesè pou sipòte pitit yo lakay yo. Distri a ap planifye pou li òganize yon Akademi pou Paran nan kòmansman ane lekòl la epi l ap kontinye angaje paran yo pandan tout ane lekòl la. Baze sou kòmantè paran yo, yon meni pou sesyon parantal ap enkli:

- Google Classroom ak WebEx
- Sipò pou Paran Elèv ki gen Andikap
- Sipò pou Paran Timoun k ap Aprann Lang Anglè
- Sipòte Pitit ou ak Aprantisaj Adistans
- Sipò Sosyal ak Emosyonèl

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.

## Planifikasyon Lidèchip nan Lekòl


### Kisa fanmi yo dwe atann de lekòl yo a?

- Opsyon/Modèl Pwogramasyon
- Egzanp Konsepsyon yon Salklas
  - Administratè yo ap vizyalyze epi apwouve konsepsyon yo anvan kòmansman lekòl la ak pandan ane lekòl la puiske ajisteman ap nesesè.
- Pwosedi Antre/Sòti
- Pwosedi pou rekreyasyon/Edikasyon Fizik (PE)
- Pwosedi pou ti dejene/manje midi
- Pwosedi Teknoloji: Distribisyón, Koleksyon, elatriye.
- Enfòmasyon sou kijan yo adrese defi SEL yo.
- Enfòmasyon sou kijan yo pral kominike epi kenbe fanmi yo angaje epi enfòme.
- Enfòmasyon sou Ekip Entèvansyon nan ka Pandemi (manm yo enkli)
  - Direktè Lekòl
  - Responsab Dosye
  - Konseye Pedagojik
  - Enfimyè Lekòl
  - Manm Pèsonèl Sekirite Eskolè
  - Pwofesè
  - Lyezon Paran

## Pwochen Etap

Konsèy Edikasyon Newark ak administrasyon Distri a mete tèt yo ansanm pou fè eksperyans sa a vin yon eksperyans aprantisaj ki san danje epi ki pozitif pou elèv nou yo. Plan sa a ka evolye ofiramezi nouvo enfòmasyon vin disponib bò kote CDC a, Eta New Jersey a, Depatman Edikasyon New Jersey la ak Vil Newark la. Tout desizyon yo se Sipè-entandan an ak ekip direksyon an k ap pran yo. NBOE ap itilize reyinyon pèsonèl, ankèt sou pèsonèl ak fanmi yo ak rekòmandasyon nan men Gwoup Travay pou Rewouvèti Lekòl yo pou rasanble epi trete enfòmasyon sou bezwen kominotè yo ak meyè apwòch ki disponib la pou sèvi elèv, fanmi ak pèsonèl nou yo. Nou remèsyé w pou sipò w pandan moman sa a epi nou mande pou w vizite sit entènèt distri nou an oswa rele lekòl pitit ou a pou w jwenn dènye mizajou ak enfòmasyon konsènan plan an. [www.nps.k12.nj.us](http://www.nps.k12.nj.us)

Pou pwochen ane lekòl 2020-21, enstriksyon yo ap kontinye opere adistans pou premye peryòd regilye nèf semenn klas la, ki fini sou Novanm 17. Tout lòt konsèy ki gen rapò ak konsènan enstriksyon aleka rete nan efè plen.



Roger León  
Sipè-entandan

**Konsèy Edikasyon Newark  
(Newark Board of Education)**

Josephine C. Garcia  
Prezidan

Dawn Haynes  
Vis Prezidan

Shayvonne Anderson  
Manm Konsèy

Hasani K. Council  
Manm Konsèy

Yambeli Gomez  
Manm Konsèy

Flohisha Hill  
Manm Konsèy

A'Dorian Murray-Thomas  
Manm Konsèy

Asia J. Norton  
Manm Konsèy

Tave Padilla  
Manm Konsèy

**Kote Pasyon Rankontre avèk Pwogrè**  
[www.nps.k12.nj.us](http://www.nps.k12.nj.us)